POUKISA TRAVAY TIMOUN AFEKTE
PEYI N AK REJYON N AP VIV LA?

Paske li ipoteke avni timoun ak adolesan yo, prensipal kapital sosyal li, ki ta dwe ap edike, fòme tèt yo epi vin gen ladrès pou lavi.

Kòm konsekans, peyi yo pèdi nan konpetitivite, pwodiktivite ak revni postansyèl. Kòm sitwayen ak sitwayèn, nou vle viv nan yon peyi ak yon rejyon ki pwoteje timoun li yo, ki gen pwospè epi ki gen jistis sosyal.

KI SA KI KA FÈT?

- Kòm otorite, mete kanpe politik ak inisyativ pou bon jan kalite travay k ap kontribye nan ekonomi nan fanmi yo epi garanti bon jan kalite edikasyon pou timoun yo ak adolesan yo.
- Kòm patwon, sipèvize chenn k ap alimante biznis ou epi jwenn yon papye ki sètifye ke yo pa mele nan travay timoun.
- Kòm travayè, asire n adolesan ki gen laj pou travay yo jwenn bon jan kondisyon pou travay nan sant travay yo.
- Si w nan yon òganizasyon, apiye tout aksyon k ap sansiblize epi fè rechèch sou fason pou yo prevwa epi elimine travay timoun.
- Kòm konsomatè, enfòme w sou kote pwodwi wap achete yo soti; si nan pwodiksyon yo yo anplwaye mendèv timoun, pa konsome yo.
- Kòm manm yon kominote, ou kapab fè antouraj ou pran konsyans sou enpòtans pou timoun ak adolesan yo jwenn edikasyon epi enfòme w sou inisyativ k ap ede yo kontinye etid yo.

  Nan ka pi move fòm travay timoun yo, ou kapab epi tou ou dwe denonse ka sa yo bay otorite nan peyi w ki la pou sa.

¡Vin rejwenn mouvman mondyal la epi kontribye nan konstwi yon Amerik Latin ak Karayib san travay timoun!

Bureau international du Travail

Ann konnen plis sou travay Timoun nan:

Sistèm enfomasyon rejyonal sou travay timoun - SIRTI
www.lim.ilo.org/ipec
sirti_oit@ilo.org

Chèche nou sou Facebook/Twitter
Facebook: Red Latinoamericana contra el Trabajo Infantil
Twitter: @SinTrabinfantil

Iniciative Régionale
Amérique Latine et les Caraïbes
Sans Travail des Enfants

Bureau international du Travail

KESYON YO PLIS POZE SOU TRAVAY TIMOUN AK PI MOVE FÒM LI

DE KI SA N AP PALE?

De timoun ak Adolesan:

- Ki okipe nan pwodiksyon ekonomik, ki genyen pi piti laj yo admèt pou yo travay daprè lwa peyi a ak nòm entènasyonal yo,
- Ki gen laj yo admèt pou travay men k ap fè aktivite ki gen danje ladan yo e ki gen risk sou sante yo, sekirite yo ak devlopman moral yo,
- ki viktim pi vye fòm travay timoun, (fòm travay ke lalwa pini pou timoun ki poko gen 18 tan fè) tankou esklavaj, eksplwatasyon seksyèl komèsyal, pònografi, tourism seksyèl, komès vann moun, itilize timoun nan aktivite ilegal ak konfli ak zam.

KIYÈS SA TOUCHE?

10,5 milyon
TIMOUN KI GEN ANT
5 A 17 LANE AP TRAVAY
nan Amerik Latin
ak Karayib la.

6,3 milyon
TIMOUN KI GENYEN SOTI
5 POU RIVE 17 LANE AP
fè travay ki gen danje
ladan yonan Amerik Latina
k Karayib la.

Yon kantite Timoun ak adolesan viktim pi move fòm travay timoun yo

¿ESKE LI DIFERAN NAN FASON LI AFEKTE TIFI AK JAN L AFEKTE TIGASON?

Wi. Kantite ti gason k ap fè travay timoun pi plis pase kantite tifi. Gwo diferans sa a gen pou wè ak patisipasyon ti gason yo nan travay agrikòl. Men, anpil tifi ap fè travay domestik lakay yo oswa kay lòt moun, sa ki anpeche yo ale lekòl epi kontribye nan fè dire modèl diskriminasyon sex yon moun.

MEN KI TIMOUN KI KAPAB TRAVAY?

Adolesan ki genyen pi piti laj yo admèt pou kapab travay (ki se 14 lane nan majorite peyi nan rejyon an ak 15 oubyen 16 zan kèk lot peyi). Aktivite travay la dwe fèt nan tout sekirite epi tou li dwe respekte rejim pwoteksyon sou travay adolesan lalwa chak peyi.

KI SEKTÈ NAN ECONOMIE NAN ZON NAN KI GEN PLIS TIMOUN AK ADOLESAN KAP TRAVAY?*



** Canada ak Etazini nan chif sa yo tou*

¿POUKISA TRAVAY TIMOUN ANKOURAJE INEGALITE?

- Li limite nan posiblite bon jan devlopman timoun yo. Li kondane yo rete nan menm lamizè a.
- Se peyi ki genyen pi gwo endis povrete yo ki gen plis travay timoun, se menm sitiyasyon an nan sans kontrè a.
- Lè kalite edikasyon an ba epi pa gen bon jan kalite travay, chans pou timoun yo pa al travay la ba tou.
- Toutotan ensatisfaksyon pou satisfè premye nivo nan bezwen yo (lasante, edikasyon, kay pou abite) ap ogmante, to travay timoun yo ap ogmante tou.
- Li fè toujou genyen sitiyasyon kote gen diskriminasyon kont timoun ak adolesan ki soti nan popilasyon vilnerab yo tankou endijèn yo ak sa ki gen orijin yo afriken yo, sa ki ekspoze yo pi plis toujou pou yo al fè pi move fòm travay timoun yo.
- Timoun k ap migre san kontwòl nan lide pou jwenn yon travay souvan wè yo vyole dwa yo epi diminye opòtinite yo pandan tout etap ki mennen sou wout migrasyon an.



KOMAN TRAVAY TIMOUN AFEKTE ?

EFÈ PAPIYON AN NAN ETAP LAVI A